Ассаламу гIалайкум, казбекалъул жамагIат!

ВЕСТНИК

# Чапар

КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 44 (93182) / 6 ноябрь 2017 с. / итни 18 Сафар 1439 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru




***Ежегодно 10 ноября в нашей стране отмечается профессиональный праздник, посвященный сотрудникам органов внутренних дел Российской Федерации. История этого праздника берёт своё начало с 1715 года. Именно тогда Пётр I создал в России службу охраны общественного порядка и назвал её «полицией», что в переводе с греческого означает «управление государством».***

## *Уважаемые сотрудники полиции!*

Поздравляем вас с профессиональным праздником! Желаем вам больших перспектив, карьерного роста, возможностей реализации и развития. Пусть будут безопасными ваши рабочие будни, надёжными - плечи напарников, крепкой - сила воли и убеждений. Здоровья, благополучия и всех благ вам!

***Глава МР «Казбековский район» Г.Г. МУСАЕВ.***
***Председатель Собрания депутатов Г.М. ГИРИСХАНОВ.***

Быть работником полиции значит честно, верно и отважно служить народу. Желаю, чтобы честь и отвага, доблесть и соблюдение законов, честность и вера в своё дело приносили вам удовлетворение и гармонию.

Желаю вам легких рабочих будней, достатка и профессионального роста.

***Депутат НС РС М.-п.(К.-п.) Д. УМАХАНОВ.***

Сердечно поздравляем вас с профессиональным праздником! Ведь благодаря вам мы можем жить спокойно. Желаем вам здоровья, стойкости, удач и понимания в обществе.

***Секретарь политсовета Казбековского местного отделения ВПП «Единая Россия» Д.Г. МАХАЧЕВ.***
***Руководитель исполкома Казбековского отделения ВПП «Единая Россия» С.Г. АЛТУМИРЗАЕВ..***

## *Х1урматияв полициялъул х1алт1ухъаби!*

Рак1-рак1алъ баркула нужеда профессионалияб байрам-полициялъул х1алт1ухъабазул Къо. Гьарула нужее щулияб сахлъи, рохел ва х1алт1улъ бергьенлъаби.

***Харабазул Советалъул председатель М.Г1.ЧУПАЛАЕВ.***
***Рагъул ва зах1маталъул ветераназул Советалъул председатель Х. Г1. МУХ1АМАДХ1АБИБОВ.***
***Жамг1ияб палатаялъул председатель Х1.А.АДИМИРЗАЕВ.***

## Администрациялда

31 октябралда районалъул администрациялда т1обит1ана активалъул иргадулаб данделъи. Гьенире г1ахьаллъана - районалъул бет1ер Х1. Х1. Мусаев, гьесул заместителал: И.И. Шабазов, И. Б. Салимханов, росабазул бут1рул, учреждениябигун организациябазе нухмалъулел ва цогидалги жавабиял х1алт1ухъаби.



Данделъиялъул халгьабиялде росарал суалазул аслияблъун бук1ана гьаб соналъул 9 моц1алда жаниб терроризмалъул идеологиялде дандеч1еялъе планалда рихьизарурал тадбирал т1уразариялда хурхараб.

Гьелда т1асан к1алъана районалъул бет1ерасул заместитель И. Б. Салимханов.

Гьеб тадбиралъул хал гьабиялде росарал суалал рича-чвана ва гьаруна рекъон кколел х1укмаби.

***И. ИДРИСОВ.***

***Росдал маг1ишаталда***

# Г1и-ц1ани гочун лъуг1ана



24 октябралда росдал маг1ишаталъул управлениялъул баяназда рекъон, районалъул маг1ишатиял бут1абазул 45 азарго бет1ер г1и-ц1аназул, Бабаюрт, Гъизилюрт, Гъизляр ва Кочубей районазул муч1дузде, рахунел унтабаздаса ц1униялъе х1ажатал тадбиралги гьарун, гочун лъуг1ана.

***«Районалъул маг1ишатазда цебе ч1араб масъалалъун буго г1и-боц1иялъ хасел берцинго нухда т1ами»***, - ян абуна УСХялъул директор З.Д.Г1алиевас.

***ИНФОРМАГЕНТСТВО «САЛАТАВИЯ»***

Дагъистан Республикаялъул Х1инкъигьеч1олъи ц1униялъул Советалъул секретарь, нилъер ракьцояв Г1абдулмуслимов Г1абдулмуслим Мух1идиновичас гъваридаб пашманлъи загьир гьабулеб буго хъизан-лъималазда ва г1ага-божаразда

**Марижат Г1абдулг1азизова**

г1умруялдаса ят1алъиялда бан.

**Г1агараб газеталъул божарал гьудулзаби,**

# РакIбацIцIадго хъулухъ гьабулеб буго



**Сатира СагIидович Алтумирзаев** гьавуна 1982 соналъ Ленинаул росулъ. 1999 соналъ Сатираца лъугIизабуна росдал №2 гьоркьохъеб школа. 2000-2002 соназ гьес хъулухъ гьабуна Россиялъул армиялда. 2003 соналъ С.Алтумирзаев лъугьана МВДялъул мухъилъе. Гьесулгун ккараб гара-чIвариялда гьес абуна: ***«ГьитIинаб къоялдаса дида берцин бихьана милициялъул (гьанжесеб полиция) хIалтIи, рекIее гIолаан дие гьенир хIалтIулезул ракIа-рахари, хIинкъигьечIолъи, ритIухълъи, кумекалъе хIадур рукIин. Дир анищ букIана гьезул мухъилъе лъугьине ва гьеб дица тIубазабуна»***,-ян.

РакI гIатIидавлъун, махсаро-хочI бугевлъун, кумекалъе ватулевлъун, ракIбацIцIадавлъун лъала цадахъ хIалтIулезда ва гIадамазда Сатира.

Районцоязда лъалеб батила, цо чанго сон цебеккун,чвахун цIад баялъул хIасилалда, бачIараб ихица босун унеб машинаялда жаниб букIараб лъимер гьес хвасар гьабиялъул хIакъикъат.

Сатираца жинда тIадкъараб хIалтIи, бажарун, гьабулеб букIиналъул нугIзаллъун ккола гьесие щварал- **«Милициялъул отличник»**, **«Рагъулал ишазул ветеран»**, **« Хъулухъалда тIокIлъи бихьизабиялъухъ»** абурал каранда ралел гIаламатал, ***«Милициялъе -200 сон»*** медаль, ХIурматалъул грамотаби ва Баркалаялъул кагътал.

КIудияв прапорщик, отделениялъул командир Сатираца ва лъади Парица гIезарулел руго кIиго вас.



**ГIалисултанов Рустам Сайгидович** гьавуна 1991 соналъ Дилим росулъ. 2008 соналъ росдал гимназияги лъугIизабун, гьев ана правовияб академиялде. Гьелдаса хадуб,2014-2015 соназ, Рустамица хъулухъ гьабуна Россиялъул армиялда. 2016 соналдаса гьев хIалтIулев вуго районалъул жанисел ишазул отделалда. ХIалтIуде лъугьун хадусан, Рустамица тIокIлъигун лъугIизабуна профессионалияб махщалил Центр.

Бажарун, ракIбацIцIад гьес хъулухъ гьабулеб букIиналъ, гьаб соналъул августалдаса байбихьун, гьев тIамуна Дилим росдал участковияв уполномоченныйлъун. БакIалъул гIадамазул биценалда рекъон, Рустам щолев вуго щивасул рукъове, гIолеб-гIолареб рахъалги цIехон, хIажалъи ккарасе гьабулеб буго кумек.

Гьединго, гьитIинав лейтенант Рустамица жиграб гIахьаллъи гьабула жамгIияб хIалтIулъ, бокьула гьесие спортги. Гьедин, МахIачхъалаялда тIобитIараб профессионалияб махщалил конкурсалда гьес ккуна кIиабилеб бакI. ХIалтIулъ бихьизабураб тIокIлъиялъухъ Рустам кIодо гьавуна ХIурматалъул грамотабаздалъун ва гIарцулал шапакъатаздалъун.



**Саламирзаев Вальтер МухIамадбегович** гьавуна 1985 соналъ Ленинаул росулъ. 2003 соналъ, росдал гьоркьохъеб школа лъугIизабун хадуб, Вальтерица хъулухъ гьабуна Россиялъул армиялда (2003-2005сс.).

2006 соналъ гьев лъугьана районалъул жанисел ишазул отделалда х1алт1улезул мухъилъе. Отделения-лъул командир,кIудияв прапорщик Вальтерица бажарун ва ракIбацIцIад хIалтIи гьабулеб букIин бихьизабула гьесие щварал шапакъатаз. Гьезда гьоркьор руго **«Милициялъул отличник»**, **«Рагъулал ишазул ветеран»**, **«Хъулухъалда тIокIлъи бихьизабиялъухъ»** абурал каранда ралел гIаламатал, **«Милициялъе -200 сон»** медаль,ХIурматалъул грамотаби ва Баркалаялъул кагътал. Вальтерица гIезабулеб буго 3 лъимер.

*М.-Ш. Г1АБДУЛАШИМОВ.*

# Лъималазде рокьиялъ…



**Шейхова Маржанат Г1изатпашаевна** гьаюна 1955 соналъ Дилим росулъ Мах1амаев Г1изатпашал ва Юлиял хъизаналда. 1973 соналъ, росдал гьоркьохъеб школаги лъуг1изабун, гьей ана ДГПИялъул филологическияб факультеталде. 1977 соналъ институт лъуг1арай гьей х1алт1изе т1амуна Ичк1а росдал гьоркьохъеб школалде. Рак1 рагьарай, гьимун гуриони к1а-лъаларей, квах1 гьеч1ей, г1исиналгун ва ч1ах1иялгун хабар рекъезабизе лъалей г1олилай бак1алъул г1адамаз лъик1 къабул гьаюна. Гьале,40 сон ана Маржанатица Ичк1аялда х1алт1изе байбихьаралдаса. Гьелъ дарсазда х1алт1изарула ц1иял къаг1идаби, жинцаго х1адурула бицунелъе баян кьолел бат1и-бат1иял материалал.

Кумек гьарун вач1арав Маржанатица киданиги нахъ ч1валаро. Цо ккараб гара-ч1вариялда дица гьелда гьикъана: ***«Маржанат,ункъо лъимер г1езабизе, маг1ишат бачине ва г1емерал соназ муг1алимлъи гьабизе дуе зах1малъич1ищ?»***,-ан. Гьелъ абуна: ***«Х1алт1иги лъималги рокьиялъ дида цогидаб иш к1очон тана»***,-ян.

Маржанат, к1вах1тун,х1алт1ула жиндирго лъай борхизабиялда ва г1олохъанал муг1алимзабазе кумек гьабиялда т1ад. Гьелъ бажарун ва рак1бац1ц1адго т1аде босараб х1алт1и гьабулеб бук1ин бихьизабула гьелъие щварал Х1урматалъул грамотабаз ва къиматал сайигъатаз. Маржанатица ва гьелъул г1умрудул гьудул Мух1амадназирица, бит1араб тарбия кьун, г1езаруна 3 вас ва цо яс.

*С. СУЛТАНМУХ1АМАДОВА*

# Хвасар гьаруна

Ахириял соназ гIезегIанго хIужаби ккана Дагъистаналъул гIолилаз, жалго гIумруялдаса ратIалъунги, Россиялъул батIи-батIиял бак1азда балагьалде ккарал гIадамал хвасар гьариялъул. Гьединазда гьоркьов вуго Калининаул росулъа полициялъул подполковник Закир Загьидович Герехановги. ГьабсагIат гьев цIалулев вуго Москваялда бугеб полициялъул академиялда.

Риидал академиялда гIагарда бугеб минаялъул кIиабилеб тIалаялъул рукъоб цIа ккола. Закирида, гьесда цадахъ цIалулел - Алексей Князевасда, Андрей Сыровежкинида, Алан Дзугаевасда цIа рекIараб рукъалъул гордухъ кумек гьабейин ах1и балей чIужугIадан йихьула.

Гьез, хехгьабун, мали балагьула ва гьеб молодасан тIаде Закир вахуна. Закирица, кумекалъе тIаде щварал, - Константин Алафьевас, Олег Холодийица, Алексей Чекуристовас хвасар гьаруна эбелгун кIиго лъимер.

Лъималазул эбелалъ ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна кумек гьабурал полициялъул офицерзабазе. Академиялъе нухмалъулезул бихьизабиялда рекъон,тIадехун рехсарал офицерзабазе кьуна ***«ЦIаялдаса хвасар гьариялъухъ»*** абурал медалал.

Бокьун буго, **«Чапар»** газета гьоркьобккун, Закирие гьал кочIол рагIабиги сайгъат гьаризе.

***Дагъистан щиб бакIин цIехон рачIани,***
***«Бихьиназул ракь», -ан абила,Закир.***
***Нилъер гIадамазул бицен ккаралъуб,***
***БахIарзазул цIарал рехсела, Закир.***

***Щибго щаклъи гьечIо, киве кканиги,***
***Гьедин мун хьвадизе вукIиналда дир.***
***Дуе сахлъи кьеги,мун вохун таги,***
***Жеги тадегIанал цIарал дуй щваги.***

*Хайрудин ВИСАИТОВ, Калининаул росу*

## Х1урматиял районцоял!

*Унеб буго 2018 соналъул т1оцебесеб бащдаб лъаг1алие газета хъваялъул кампания. Гьеб хъвазе бегьула росабазул почтаялъул отделениябазда.*

*Багьа-256 гъур.*

***РЕДКОЛЛЕГИЯ.***



# ПОСТАНОВЛЕНИЕ

*25. 10. 2017 г. № 124 с. Дылым.*

***Об утверждении Порядка представления, рассмотрения и оценки предложенийзаинтересованных лиц о включении дворовой территории в муниципальнуюпрограмму «Формирование современной городской среды на территории МР «Казбековский район» на 2018 - 2022 годы», Порядка представления, рассмотрения иоценки предложений граждан, организаций о включении в муниципальную программу «Формирование современной городской среды на территории МР«Казбековский район» на 2018-2022 годы» наиболее посещаемых территорий общегопользования поселений района, подлежащих благоустройству, Порядка проведенияобщественных обсуждений проекта муниципальной программы «Формирование совре-менной городской среды на территории МР «Казбековский район» па 2018-2022. годы».***

В целях повышения уровня благоустройства территорий поселений Казбековского района и создания комфортной территорий жизнедеятельности в районе, в соответствии со статьей 14 Федерального закона от 6 октября 2003 года № 131-ФЗ **«Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации»,** Постановлением Правительства Российской Федерации от 10 февраля 2017 года № 169 **«Об утверждении Правил предоставления и распределения субсидий из федерального бюджета бюджетам субъектов Российской Федерации на поддержку государственных программ субъектов РФ и муниципальных программ формирование современной городской среды»,** в рамках реализации муниципальной программы **«Формирование современной городской среды на территории МР «Казбековский район» на 2018-2022 годы»** администрация МР **«Казбековский район».**

## ПОСТАНОВЛЯЕТ:

**Утвердить:**

Порядок представления, рассмотрения и оценки предложений граждан, организаций о включении в муниципальную программу формирования комфортной среды на территории Казбековского района на период 2018- 2022 годы наиболее посещаемых территорий общего пользования поселений района, подлежащих благоустройству, согласно приложению № 1. Порядок проведения общественных обсуждений проекта муниципальной программы **«Формирование современной городской среды на территории МР «Казбековский район» на 2018-2022 годы»** согласно приложению № 2.

Порядок представления, рассмотрения и оценки предложений заинтересованных лиц о включении дворовой территории в муниципальную программу **«Формирование современной городской среды на территории МР «Казбековский район» на 2018-2022 годы»** согласно приложению № 3. Создать комиссию по включению наиболее посещаемых территорий общего пользования поселений района для формирования адресного перечня на проведение работ по ремонту и благоустройству, утвердить ее персональный состав согласно приложению № 4.

1.5. Утвердить Положение о комиссии по включению наиболее посещаемых территорий общего пользования поселений района в муниципальную программу **«Формирование современной городской среды на территории МР «Казбековский район» па 2018-2022 годы»** согласно приложению № 5.

Настоящее постановление опубликовать в районной газете **«Чапар»** и на официальном сайте сетевого издания **«Салатавия».**

Контроль за исполнением настоящего постановления возложить на заместителя главы администрации МР **«Казбековский район»** Эмеева З.Н.

# ПОСТАНОВЛЕНИЕ

*25. 10. 2017 г. № 125 с. Дылым.*

***О принятии части полномочий по благоустройству придомовых и общественных территорий на уровень района на период реализации программы «Формирование современной городской среды на территории МО «Казбековский район» на 2018-2022 годы.***

В соответствии с частью 4 статьи 15 Федерального закона от 6 октября 2003 года № 131-ФЗ **«Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации»,** на основании Решения Собрания депутатов МО **«поселок Дубки»** №05/17 от 26.10. 2017г, Решения Собрания депутатов МО **«село Инчха»** № 13 от 20.10. 2017г., Решения Собрания депутатов МО **«село Калининаул»** №30 от 10.10. 2017г., Решения Собрания депутатов МО **«село Буртунай»** №17 от 13.10.2017г., Решения Собрания депутатов МО **«сельсовет Хубарский»** №23 от 26.10.2017г., Решения Собрания депутатов МО **«село Гертма»** №19 от 27.10. 2017г., Решения Собрания депутатов МО **«село Алмак»** №6 от 27.10. 2017г., Решения Собрания депутатов МО **«село Гуни»** №4 от 26.10. 2017г., в целях реализации программы **«Формирование современной городской среды на территории МО «поселок Дубки»** Казбековского района на 2018-2022 годы, администрация муниципального района.

## ПОСТАНОВЛЯЕТ:

1. Принять часть полномочий по благоустройству придомовых и общественных территорий на уровень района на период реализации программы **«Формирование современной городской среды на территории муниципального образования «Казбековский район» на 2018-2022 годы»** от следующих поселений, входящих в состав муниципального района:

1.1. Муниципальное образование **«поселок Дубки» Казбековского района»;**
1.2. Муниципальное образование **«село Инчха» Казбековского района»;**
1.3. Муниципальное образование **«село Калининаул» Казбековского района»;**
1.4. Муниципальное образование **«село Буртунай» Казбековского района»;**
1.5. Муниципальное образование **«село Гертма» Казбековского района»;**
1.6. Муниципальное образование **«село Алмак» Казбековского района»;**
1.7. Муниципальное образование **«село Гуни» Казбековского района»;**
1.8. Муниципальное образование **«сельсовет Хубарский» Казбековского района»;**

2. Отделу архитектуры и строительства заключить соглашения от имени администрации муниципального района с поселениями о передаче части полномочий в сфере благоустройства придомовых и общественных территорий.

3. Финансовому управлению обеспечить проведение мероприятий, связанных с обеспечением финансирования переданной части полномочий, включая внесение изменений в бюджет района.

4. Настоящее постановление вступает в силу со дня официального опубликования.

5. Опубликовать настоящее постановление в газете **«Чапар»** и разместить на официальном сайте администрации муниципального района в сети Интернет.

*И.И. ШАБАЗОВ.*




# *Терроризм в истории человечества*

XX век стал временем неслыханного в истории террора: государственного, политического, национального, религиозного. Сейчас мировое сообщество содрогается при сообщениях о все новых террористических актах. Терроризм представляет собой одно из самых опасных и сложных явлений современности, приобретающее все более угрожающие масштабы. Его проявления обычно влекут массовые человеческие жертвы и разрушение материальных и духовных ценностей, не поддающихся порой воссозданию; он порождает недоверие и ненависть между социальными и национальными группами, которые иногда невозможно преодолеть в течение жизни целого поколения.

**Дети и терроризм два слова,** которые не при каких условиях не могут стоять рядом, так как противоречат друг другу по своей сути. **Дети** - это счастье, веселье, улыбки, да и вообще Жизнь. **Терроризм** - это горе, слезы, несчастье, Смерть. Но по причинам, не понятным ни одному нормальному человеку, в наш век эти два понятия все чаще можно слышать рядом. Взрослые решают свои проблемы, а заложниками их споров становятся дети.

Так, к примеру, если вспомнить праздник первого сентября 2004 года в городе Беслане.

Воспоминания о событиях тех дней до сих пор болью и тоской отражаются в сердцах людей, даже тех, кого трагедия не затронула лично. Ведь террористы, захватившие школу в Беслане, посягнули на самое святое, что есть в этом мире, - **жизнь детей.** Первого сентября 2017 года 13 лет как произошла эта трагедия!

Террористы очень любят использовать в своих целях подростков и молодежь. Они хорошо понимают, что в 13-15 лет некоторые подростки относятся к войне как игре, где убивают других, кого угодно, но только не их самих.

Охотно детей используют в роли почтальонов: они передают нужную информацию в лесной массив и обратно. Вы даже можете и не подозревать, что вас используют, не понимать, что вы исполняете поручения террористов. Неоднократно бывали случаи, когда террористы засылали в нашу страну своих вербовщиков и заманивали молодежь за границу якобы для изучения Корана в медресе. На самом деле юноши оказывались в лагерях боевиков, на курсах, где специальные инструкторы учили их обращаться с взрывчаткой и оружием. Дальнейший путь выпускников таких v курсов предопределен - диверсии и вооруженные нападения. В результате их жизнь оказывалась навсегда перечеркнутой.

Растущее в мире число террористических актов сделало необходимым создание международной системы борьбы с ними, координацию усилий различных государств на самом высшем уровне. Очень страшно, что для многих людей, групп и организаций терроризм стал лишь просто способом решения их проблем - политических, национальных, религиозных, субъективно-личностных и т.д. К нему сейчас особенно часто прибегают те, которые иным путём не могут достичь успеха в открытом бою, политическом соперничестве, утверждении или отстаивании национальной независимости, реализации своих бредовых идей переустройства мира и всеобщего счастья.

Терроризм представляет собой повышенную опасность, потому что часто влечёт за собой массовые человеческие жертвы, психические травмы, приводит к разрушению материальных и духовных ценностей, которые иногда бывает трудно, а подчас и невозможно воссоздать. Опасность проявления терроров - действия против мирных жителей.

У терроризма нет лица и национальности. Терроризм — это чума современного общества. Это болезнь, которой заболевают только нелюди, переполненные неприязнью ко всему: к обществу, религии, культуре, людям. Только террорист, ничего не чувствующий, не испытывающий ничего, кроме ненависти, способен посягнуть на самое святое — человеческую жизнь, причем зачастую это оказывается детская жизнь.

Нет в словарях и в нашем понимании слова, которым можно назвать тех, кто убивает детей, женщин и стариков. Нет, потому что это не поддается человеческому пониманию, это вне человеческих ценностей и морали.

Самое страшное то, что террористы, стремясь добиться своих целей не воюют с сильными противниками, а бьют по незащищенным, слабым местам нашего общества - по мирному населению. Они совершают взрывы, поджоги, массовые отравления, угоняют самолеты, захватывают заложников.

Решение этой проблемы является одной из главных задач всего мирового сообщества и в достаточной мере осознается международной общественностью, политическими деятелями, сотрудниками спецслужб и правоохранительных органов, а также волнует любого здравомыслящего человека на земле.

Дети погибают не только в зоне военных действий. Прошедшая по миру волна невиданных по безнравственности террористических атак унесла многие жизни невинных детей, обозначила новое измерение угрозы, исходящей от международного терроризма для всего человечества.

Путь борьбы с терроризмом один. Всем людям в мире необходимо объединиться и дать достойный отпор этой проблеме глобального масштаба.

**ОДНОГО ЛЕГКО СЛОМИТЬ, НО ВМЕСТЕ МЫ — СИЛА, КОТОРАЯ СМОЖЕТ ПОБЕДИТЬ ТЕРРОРИЗМ!**

*Х.С. ДЖАБРАИЛОВА,*
*с. Инчха.*

*(Начало на №43).*

### *УГОЛОВНЫЙ КОДЕКС РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ ПРЕСТУПЛЕНИЯ КОРРУПЦИННОЙ НАПРАВЛЕННОСТИ*

**Статья 204. Коммерческий подкуп.**

1. Незаконная передача лицу, выполняющему управленческие функции в коммерческой или иной организации, денег, ценных бумаг, иного имущества, а равно незаконное оказание ему услуг имущественного характера за совершение действий (бездействия) в интересах дающего в связи с занимаемым этим лицом служебным положением -наказываются штрафом в размере до двухсот тысяч рублей или в размере заработной платы или иного дохода осужденного за период до восемнадцати месяцев, либо лишением права занимать определенные должности или заниматься определенной деятельностью на срок до двух лет, либо ограничением свободы на срок до двух лет, либо лишением свободы на срок до трех лет.

2. Те же деяния, совершенные группой лиц по предварительному сговору или организованной группой, - наказываются штрафом в размере от ста тысяч до трехсот тысяч рублей или в размере заработной платы или иного дохода осужденного за период от одного года до двух лет, либо ограничением свободы на срок до четырех лет, либо арестом на срок до шести месяцев, либо лишением свободы на срок до четырех лет.

3. Незаконное получение лицом, выполняющим управленческие функции в коммерческой или иной организации, денег, ценных бумаг, иного имущества, а равно незаконное пользование услугами имущественного характера за совершение действий (бездействия) в интересах дающего в связи с занимаемым этим лицом служебным положением - наказываются штрафом в размере от ста тысяч до пятисот тысяч рублей или в размере заработной платы или иного дохода осужденного за период от одного года до трех лет либо лишением свободы на срок до семи лет с лишением права занимать определенные должности или заниматься определенной деятельностью на срок до трех лет.

4. Деяния, предусмотренные частью третьей настоящей статьи, если они:

а) совершены группой лиц по предварительному сговору или организованной группой;

б) сопряжены с вымогательством предмета подкупа, - наказываются лишением свободы на срок до двенадцати лет со штрафом в размере до одного миллиона рублей или в размере заработной платы или иного дохода осужденного за период до пяти лет либо без такового с лишением права занимать определенные должности или заниматься определенной деятельностью на срок до трех лет.

**Примечание.** Лицо, совершившее деяния, предусмотренные частями первой или второй настоящей статьи, освобождается от уголовной ответственности, если в отношении его имело место вымогательство или если это лицо добровольно сообщило о подкупе органу, имеющему право возбудить уголовное дело.

**Статья 285. Злоупотребление должностными полномочиями.**

1. Использование должностным лицом своих служебных полномочий вопреки интересам службы, если это деяние совершено из корыстной или иной личной заинтересованности и повлекло существенное нарушение прав и законных интересов граждан или организаций либо охраняемых законом интересов общества или государства. - наказывается штрафом в размере до восьмидесяти тысяч рублей или в размере заработной платы или иного дохода осужденного за период до шести месяцев, либо лишением права занимать определенные должности или заниматься определенной деятельностью на срок до пяти лет, либо арестом на срок от четырех до шести месяцев, либо лишением свободы на срок до четырех лет.

2. То же деяние, совершенное лицом, занимающим государственную должность Российской Федерации или государственную должность субъекта Российской Федерации, а равно главой органа местного самоуправления, - наказывается штрафом в размере от ста тысяч до трехсот тысяч рублей или в раз - мере заработной платы или иного дохода осужденного за период от одного года до двух лет либо лишением свободы на срок до семи лет с лишением права занимать определенные должности или заниматься определенной деятельностью на срок до трех лет или без такового.

3. Деяния, предусмотренные частями первой или второй настоящей статьи, повлекшие тяжкие последствия, - наказываются лишением свободы на срок до десяти лет с лишением права занимать определенные должности или заниматься определенной деятельностью на срок до трех лет.

**Примечания.** 1. Должностными лицами в статьях настоящей главы признаются лица, постоянно, временно или по специальному полномочию осуществляющие функции представителя власти либо выполняющие организационно-распорядительные, административно-хозяйственные функции в государственных органах, органах местного самоуправления, государственных и муниципальных учреждениях, государственных корпорациях, а также в Вооруженных Силах РФ, других войсках и воинских формированиях РФ.

2. Под лицами, занимающими государственные должности Российской Федерации, в статьях настоящей главы и других статьях настоящего Кодекса понимаются лица, занимающие должности, устанавливаемые Конституцией Российской Федерации, федеральными конституционными законами и федеральными законами для непосредственного исполнения полномочий государственных органов.

3. Под лицами, занимающими государственные должности субъектов Российской Федерации, в статьях настоящей главы и других статьях настоящего Кодекса понимаются лица, занимающие должности, устанавливаемые конституциями или уставами субъектов Российской Федерации для непосредственного исполнения полномочий государственных органов.

4. Государственные служащие и служащие органов местного самоуправления, не относящиеся к числу должностных лиц, несут уголовную ответственность по статьям настоящей главы в случаях, специально предусмотренных соответствующими статьями.

***Г.Б. ГАЙИРБИЕВ, помощник главы района.***

# ОГИБДД извещает...

С 25 октября по 15 ноября сего года на территории района проводится оперативно-профилактическое мероприятие «Ремень безопасности», направленное на активизацию работы по обработке нарушений Правил дорожного движения за управление транспортным средством водителям, не пристегнутым ремнем безопасности, перевозку не пристегнутых пассажиров, несовершеннолетних детей без детских удерживающих устройств.

С 1 по 8 ноября на территории района проводится 3 этап профилактического мероприятия «Внимание - дети!», направленное на активизацию работы по профилактике детского дорожно-транспортного травматизма и обеспечения безопасности несовершеннолетних в период осенних каникул.

***ОГИБДД ОМВД России по Казбековскому району.***

# *Уважаемые потребители сетевого газа!*

ООО «Газпром Межрегионгаз Махачкала» убедительно просит всех абонентов - потребителей газа погасить имеющуюся задолженность за потребленный газ до начала отопительного сезона.

Абонентам с установленными приборами учета газа (счетчиками) напоминаем, что необходимо своевременно до 25 числа каждого месяца предоставлять показания приборов учета в абонентскую службу (территориальный участок) по месту жительства, либо указать в квитанции оплаты при оплате в кассе.

В противном случае, согласно Постановлению № 549 от 21.07.2008 года п.31, «... если абонент в установленный договором срок не представил поставщику газа сведения о показаниях прибора учета газа, объём потребленного газа за прошедший расчетный период и до расчетного периода, в котором абонент возобновил представление указанных сведений, определяется в соответствии с нормативами потребления газа»

**Справка:**

Существенно ужесточена ответственность за несвоевременную оплату газа, а также за самовольное подключение к сетям газоснабжения

Новый федеральный закон № 307-ФЗ «О внесении изменений в отдельные законодательные акты РФ в связи с укреплением платежной дисциплины потребителей энергетических ресурсов» вносит существенные изменения в порядок начисления штрафных санкций (пеней) за просрочку оплаты природного газа и услуг по его транспортировке. Теперь штрафные санкции будут начисляться в зависимости от того, насколько потребители затягивают платежи по выставленным счетам. Пени будут высчитывать по принципу «чем дольше, тем дороже».

Для промышленных потребителей пеня составит 1/130 ставки рефинансирования ЦБ от невыплаченной в срок суммы за каждый день просрочки, начиная со следующего дня после дня наступления установленного срока оплаты по день фактической оплаты.

Для ТСЖ и ЖСК пени за несвоевременную оплату природного газа составят 1/300 ставки рефинансирования с 31 по 90 день просрочки и в размере 1/130 ставки рефинансирования с 91 дня просрочки.

Для УК и теплоснабжающих организаций - 1/300 ставки рефинансирования ЦБ с 1-го по 60-1 день просрочки, 1/170 ставки с 61-го по 90-й день просрочки и 1/130 ставки рефинансирования ЦБ с 91-го дня просрочки от невыплаченной в срок суммы за каждый день просрочки.

Для физических лиц при просрочке от 31 до 90 дней сохраняется размер действующих сейчас пеней - 1/300 ставки рефинансирования ЦБ РФ от невыплаченной в срок суммы за каждый день просрочки, с 91-го дня штрафы вырастут до 1/130.

Также введена административная ответственность для юридических лиц, нарушающих платежную дисциплину. На руководителя предприятия может быть наложен штраф от 40 до 100 тысяч рублей, либо дисквалификация от 2 до 3 лет. Штраф для юридического лица составит от 100 до 300 тысяч рублей.

Также новым законом в разы увеличены размеры штрафов за самовольное подключение к газовым сетям. Для граждан штраф составит от 10 до 15 тысяч вместо прежних 4 тысяч рублей. Для юридических лиц сумма штрафа увеличилась с 60-80 тысяч рублей до 100-200 тысяч рублей, для должностных лиц - с 6 - 8 тысяч рублей до 30-80 тысяч рублей, либо дисквалификация руководителя до 2 лет.

Кроме того ужесточается административная ответственность за нарушение потребителем введенного полного или частичного ограничения поставки газа, либо отказ руководителя юридического лица ввести самостоятельное ограничение потребление газа в связи с законным требованием поставщика. Штраф для юридических лиц составит от 100 до 200 тысяч рублей, для должностных лиц от 10 до 100 тысяч рублей, либо дисквалификация от 2 до 3 лет.

Помимо административной ответственности, самовольное подключение к системе газоснабжения - это основание для возбуждения уголовного дела по ст. 158 УК РФ, результатом которого могут стать серьезные санкции: от штрафа свыше 100 тысяч рублей до лишения свободы на срок до 6 лет.

***Контактный телефон: 8 (8722) 68-53-51, 8-928-808-72-40.***
***E-mail: f0050130@dag.kawkazrg.ru.***
***Веб-сайт: http://mkala-mrg.ru.***

# ГРАФИК

***приема граждан по предоставлению государственных услуг по регистрации автомототранспортных средств и прицепов к ним, по проведению экзаменов на право управления транспортными средствами и выдачи водительских удостоверений в МРЭО ГИБДД МВД по Республике Дагестан.***

**Рабочий день:** - с 08:00 до 18:00
- в четверг с 10:00 до 13:00
- в субботу с 08:00 до 14:00 (без перерыва)

**Приём граждан:** - с 08:00 до 17:30, через Единый портал государственных услуг (в электронном виде) с 09:00 до 17:00
- в субботу с 08:00 до 13:30, через ЕПГУ с 09:00 до 13:00

**Перерыв:** - с 13:00 до 14:00

**День занятий:** - четверг (не приемный день)
**Выходной день:** - воскресенье.

**Режим работы МРЭО ГИБДД МВД по РД (дислокация г. Махачкала) ежедневно без перерыва и выходных (перерыв и выходной по отдельному графику).**

**Рабочий день:** - с 08:00 до 20:00
- в четверг с 10:00 до 13:00
- в субботу и воскресенье с 08:00 до 14:00;

**Приём граждан:** - с 08:00 до 19:30, через ЕПГУ с 09:00 до 19:00
- в субботу и воскресенье прием граждан, обратившихся только через ЕПГУ с 09:00 до 13:30.

**День занятий:** - четверг (не приемный день)

# Калининаулалда данделъи

23 октябралда Калининаул росулъ т1обит1ана херазул Советалъул ва жамг1иял г1уц1абазул цадахъаб данделъи.

Гьелъул хал гьабиялде босун бук1ана **«Г1ун бач1унеб г1елалъе рух1ияб тарбия кьеялъулъ жамг1иял г1уц1абазул бугеб к1вар»** абураб суал.

Гьеб суалалда т1асан к1алъй гьабуна «Казбек район» муниципалияб г1уц1иялъул бет1ерасул заместитель Икрамудин Салимханов.

Рехсараб суалалда сверухъ жидеца гьабулеб х1алт1ул бицун к1алъазе рахъана- рагъул ва зах1маталъул ветераназул Советалъул председатель Хункарби М-хабибов, Жамг1ияб палатаялъул председатель Х1ажи Адимирзаев, «Цогояб Россия» партиялъул исполкомалъул бак1алда бугеб отделениялъе нухмалъулев Саг1ид Алтумирзаев, харабазул Советалъул председатель Мухтар Чупалаев.

Т1асан к1алъаялда Калининаул росдал имам Мух1амадрасул-х1ажи Г1абдулвагьабовас абуна: **«Г1олилазе рух1ияб\гун исламияб тарбия кьеялда сверухъ гьабулеб х1алт1ул нижеца чучизе тун гьеч1о, гьеч1они щиб, г1олилаздаса ц1ик1к1ун, росулъ г1адлу биххулеб буго ч1ах1ияз. Гьезда гьоркьоб гьабизе ккун буго бич1ч1икьеялъул х1алт1и. Лъималаз мисал босула ч1ах1ияздаса. Гьезие умумуз кколеб г1адлу гьабунгут1иялъ ц1алел руго гьел исламалъ ва законалъ гьукъарал ишал гьариялде», - ян.**

**«36 соналъ х1алт1улей йиго дун гьаб росдал школалда муг1алимлъун. Лъималаз нилъедаса босула мисал. Бит1араб буго имамас абулеб. Ч1ах1иязе гьабизе ккола г1адлу. Гьезда малъизе ккола лъик1аб гьабизе, квешаб тезе. Дир буго, дицаго тарбия кьун, г1езабулеб лъабго лъимер. Лъебералда хадуб сон ана дир чияр минаялъуб яшавги гьабун. Гьелщинал соназ хъвана дица г1арзаби дие мина базе к1иго сотыхг1аги ракьул кьеян. Росдал администрациялъул к1иго бет1ер хисана, лъабабилев вач1ана, амма дир «гьоко» ч1аралъубго буго. Нужеца абулеб буго г1олилазул Ват1аналде, халкъалде рокьи бижизабизе кколилан. Бижиладайха, дирги дун г1адин, 2-3 лъимергун чияр минабахъ ругел лъималазулги Ват1аналдегун халкъалде рокьи? Балагьизе кколарищ гьединазде х1акимзаби. Г1олебищ цого чаг1азда нах бахараб »,** - ан абуна Зинаида Х1ажиевалъ.



**«Г1емерал сонал рана дица гьаб дунялалда. Г1емераб жо бихьана, лъана, вакъана, къечана, унтана, щокълъана, амма ях1 рехич1о, цониги чигун питна бекьич1о. Гьудуллъи хвезе теч1о. Дица г1адамалги рат1а гьаруларо. Жакъа бугеб, метер гьеч1еб дунялалда даг1ба-раг1иялдасан ккезе жо бук1унаро. Лъимал нилъер руго. Нилъеда т1адаб бук1уна гьезие кколеб тарбия кьезеги гьел бит1араб г1умрудул нухде рачинеги»**, - ян абуна Гьиримсултан Гьиримовас.

**«Г1елму лъазаби дица рик1к1уна щивав чиясе, чара гьеч1ого, х1ажатаб жо бугилан. Гьедин абулеб буго г1алимзабазги. Бук1ани щиб, библиотекаялде рач1ун, ц1алдолезул къадар нижер росулъ къоялдаса къоялде дагьлъулеб буго. Дир пикруялда рекъон, телефоназги интернеталъги гьезул т1ахьаздехунисеб рокьи нахъ бекизабулеб буго. Гьудуллъиялъул рахъалъ абуни, дунги Зинаидаги цадахъ г1уна, цо классалда ц1алана. Доб заманалда ниж цоцахъе унаан, цоцалъ берцин рук1унаан. Гьеб гьоркьоблъи нижеца жеги хвезеги тун гьеч1о. Гьанжесеб г1елалъул гьединаб бухьен дагьалъ чучлъун буго. Г1адамал г1емерлъиялъищ, г1адлу гьеч1олъиялъищ лъаларо, «Нуж, Ниж» абурабги камун гьеч1о. Вацлъиялда рук1иналдаса лъик1аб жо цониги батилароян ккола дида»**, - ян абураб пикру загьир гьабуна Пат1имат Мух1амадовалъ.

**«Нилъ рижинарулевги хвезарулевги вуго Аллагь. Аллагьасул х1укмуялдалъун гурони щибго жо дунялалда ккезеги гьеч1о. Гьединлъидал, Бет1ергьанасде щукруги гьабун, г1умрудул сонал берцин нухда т1орит1иг1ан лъик1аб жо гьеч1о. Нилъго ва нилъеда сверухъ ругел ц1унизе ккола нилъеца балагьаздаса. Гьелдаса маслих1атаб жо нилъее киданиги бук1унаро»**, – ян абуна Динуч Динаевас.

**«Дун г1емерал соназ х1алт1ана школалда муг1алимлъун. Дида лъала лъималазул психология. Гьез кидаго хал гьабула цого-цо умумузул гуребги муг1алимасул хьвада-ч1вадиялъулги ва рет1а-къаялъулги. Гьединлъидал, умумузда цадахъго, муг1алимги вук1ине ккола кидаго мисалиявлъун. Лъимал киданиги рат1а гьаризе бегьуларо, цоял цояздаса мискинал, бечедал, лъик1ал , квешал абурал раг1абиги рик1к1ад тезе ккола. Лъик1азул мисалазда г1уц1изе ккола тарбия кьеялъул х1алт1и. К1алзулаб агитациягун бук1ине ккола берзулабги»**, - ян абуна Исмаг1ил Исмаг1иловас.

Участковыяв инспектор А.Мусавузовас бицана росулъ бугеб ах1вал-х1алалъул, законалъул т1алабал т1уразарулел ругел къаг1идабазул. З.Коргълоевалъ (КСШ), М.Ильясхановалъ (КНШ)ва З.Г1умаровалъ (лъималазул ах) бицана жидеца нухмалъулел идарабазда тарбия кьеялъул х1алт1и кин г1уц1ун бугебали, т1адч1ей гьабуна ругел г1унгут1абазда ва цере ч1арал масъалабазда.

*С.СУЛТАНМУХ1АМАДОВА*

*Спорт-инсанасул сахлъи*

# Волейбол

МахIачхъалаялда тIоритIана Дагъистаналъул, 2002-2003 соназ гьарурал гIолилазда гьоркьор, волейбол хIаялъул къецал. Республикаялъул районаздасагун шагьараздаса гьенире гIахьаллъана 15 команда. Гьезда гьоркьоб букIана М.М. ГIазаевасул цIаралда бугеб МДЮСШялъул командаги.



Ахты, Гумбет, Табасаран, МахIарамкент районазул, Гьизилюрт шагьаралъул командабазда тIад ракIчIараб бергьенлъиги босун, финалалде иналъе нилъер команда хIана Хунзахъ районалъул командагун. Гьениб бит1ккеч1еб нилъер команда, лъабабилеб бакIалъе гIоло, дандчIвана МахIачхъалаялдаса командагун ва, 2:0 хIисабгун, бергьенлъиги босун, мустах1икълъана лъабибилеб бак1алъе.

Нилъер гIолилазул командаялда рукIана-ГIалихIажи ГIумаров, Раджаб Шираев, ХIажимурад МухIамадов, МухIамад МухIамадов, МухIамад Абакаров, ГIабдулмумин Мусаев, МухIамад ГъалбацIов, ХIасан ХIажихgalов, МухIамадхIабиб Сутаев. Гьезул тренераллъун ккола - тренерал: Гьайирбег Гьайирбегов, Сайгид Гелякаев ва Шамиль МухIамадов.

Призалъулал бакIал ккуразе гьенир кьуна кубокал, медалал ва ХIурматалъул грамотаби.

*Н. АЛИУКЪАЕВ*

# Кьеги т1алих1аб г1умру

Г1емерал соназ Буртунай росдал т1асияб мажгиталда будунлъи гьабулеб буго Мух1амадов Нажбудиница (Витал Нажу). Росуцоязда гьев лъала - лъик1ав, иман-ях1 бугев, х1ажаталъув кумекалъе ватулев, намус ц1ик1к1арав инсан х1исабалда.

Цого-цо как ах1и гуребги, Нажбудиница т1алаб гьабула мажгиталъул, балагьула хабал-агьлуялде. Гьабула къулгъу-алх1амги.

Дагьал церег1ан къояз Мух1амадов Нажбудинил т1убана 77 сон.

Бокьун буго, **«Чапар»** газета гьоркьоб ккун, гьал коч1ол мухъаздалъун баркизе гьесда гьавураб къо, гьаризе талих1аб г1умру, щулияб сахлъи, исламалъулъ т1убараб камиллъи.

*Жеги зодихъ ц1ваби кенч1олел руго,*
*Ц1ороялъ, сас къот1ун, сверухълъи буго.*
*Сардил гьоболлъухъе канлъи щвелелде,*
*Как ах1улеб гьаракь раг1улеб буго.*

*Гьесул гьаракь щола щибаб рукъобе,*
*Щун буго эркенлъи гьанже диналъе.*
*Къокъабиги гьарун, росдал къот1носан,*
*Къокъун унеб буго жамаг1ат какде.*

*Гьенив халг1ат рет1ун, такъия т1ад лъун,*
*Имамлъи гьабулев вуго Нажбудин.*
*Дин-ислам бокьулев, гьелъул рахъ ккурав,*
*Вали Нажу вук1ин балъголъи гуро.*

*Гьесул г1амалалъул г1одове виччай,*
*Релъи-гьими гьеч1еб гьурмал балагьи,*
*Гьеб буго нилъее бицалъ хут1изе,*
*Хазиналъун бугеб, берцинаб мисал.*

*Баркула, Нажбудин, мун гьавураб къо,*
*Гьарула-гьайбатаб, талих1аб г1умру.*
*Г1адамазе даим хьулухъ гьабизе,*
*Ч1аго хут1аги мун нусго сонаца.*

*Сайгидах1мад АХ1МАДНАБИЕВ,*
*Буртунай росу*

*(Байбихьи 35,36,37,38, 39, 40, 41,42,43 номеразда)*

# Щивго к1очон гъеч1о,..

## ХIурматиял районцоял!

***«ВатIаналъул солдатал», «РакIалдещвеял» тIахьазда рехсон руго, 1938 -1945 соназ БагIараб Армиялдеги ун, гьенир ВатIанияб рагъда гIахьаллъаразул цIарал.Гьезул къадар бащалъулеб буго 1600 чиясда.***

***Ахириял соназ, Калининаулалдаса ХIажимухIамад ХIажимухIамадовас, Динуч Динаевас, Гертмаялдаса МухIамад Дадаевас,Дилималдаса МухIамадапанди Дадаевас, Ленинаулалдаса Минсултан ХIажимурадовас, Буртунаялдаса Мухтар Чупалаевас архиваздасан ралагьарал баяназда рекъон, жакъа къоялде гьезул къадар 2700-ялдасаги цIик1к1унеб буго.***

***Гьединлъидал, районалъул бетIер ХIажимурад Мусаевасул хIукмуялда рекъон, гIуцIараб хасаб комиссиялъул пикру ккун буго ВатIанияб рагъда гIахьаллъаразул цIарал цIидасан газеталъул гьурмазда рахъизе ва, нужер кумекалдалъун, гьенир ругел хиса- басиялги рукIалиде ккезаризе.***

***Цересел газетазул номеразда нижеца рехсана нилъер районалъул Дилималдаса, Гъозталаялдаса, Гертмаялдаса, Гуниялдаса ва Хубаралдаса, Ичк1аялдаса, Юрт-аухалдаса(Калининаул), Ахташ-аухалдаса (Ленинаул), Ц1обокьа ва Буртунаялдаса рагъде аразул цIарал (бут1а), хадусел номеразда рехсезе руго цогидал росабалъа гьенире гIахьаллъаразул цIаралги.***

### Буртунай

| | |
|---|---|
| 129. Усманов Агабек | - 1896г. |
| 130. Усаев Баймирза(Казакмирза) | -1907г. |
| 131. Усаев Ама | -1921г. |
| 132. Хабиев Абдулатип Дадаевич | -1922(1923) |
| 133. Хабиев Абдурахман | -1921(1922)г. |
| 134. Хабиев Запир | -1916г. |
| 135. Хабиев Иррази | -1913г. |
| 136. Хабиев Саид | -1900г. |
| 137. Хайбулаев Нусдапа | -1908г. |
| 138. Хасаев Саид Хасаевич | -1907г. |
| 139. Чалабиев Асадула | -1922г. |
| 140. Уладиев Сулайман (Хизриев) | -1912г. |
| 141. Чубаев Магомед Хасбулатович | -1913г. |
| 142. Шамхалов Ама | -1904(1908)г. |
| 143. Янгилбиев Зайнудин | 1915(1918)г. |
| 144. Булачов Абдулхаким | -1908г. |
| 145. Бартиханов Курбан | -1908г. |
| 146. Улиукаев Насрула | - 1917г. |
| 147. Эмеев Сайбудин | -1903г. |
| 148. Биякаев Магомед | - 1911г. |
| 149. Булачов Байгеге | -1912г. |
| 150. Гереев Саидбег | -1924г. |
| 151. Ибрагимов Гамзат | -1922г. |
| 152. Саидов Сайбула | -1916г. |
| 153. Шуайпов Зайнудин | -1918г. |
| 154. Саламов Салимхан | -1922г. |
| 155. Акилаев Будун | -1909г. |
| 156. Газияев Алхулов | -1913г. |
| 157. Гереев Ибрагим | - 1912г. |
| 158. Гумай Голоев Юнус | -1924г. |
| 159. Газиев Асланбек | -1914г. |
| 160. Лабазанов Магомед | -1907г. |
| 161. Мусаев Абу | -1911г. |
| 162. Нартгишиев Хайбула | -1906г. |
| 163. Адильханов Сидик | -1912г. |
| 164. Султанахмедов Умахан | -1907г. |
| 165. Хакимов Газихма | -1917г. |
| 166. Халидов Гамзат | -1913г. |
| 167. Алимагомаев Пайзула | -1917г. |
| 168. Умаров Сайбудин Умарович | -1897г. |
| 169. Ибрагимов Ахмадула | -1898г. |
| 170. Абакаров Магомед | - 1923г. |
| 171. Имамирзаев Хаджи | -1900г. |
| 172. Ташаев Шаху | -1922г. |
| 173. Алиев Гаджи | -1922г. |
| 174. Умаров Магомед | -1900г. |
| 175. Шахмалов Абдула | -1912г. |
| 176. Джамалдинов Ражаб | -1920г. |

### Ихха

| | | |
|---|---|---|
| 1. | Асхабов Каримула | – 1913г. |
| 2. | Гамзатов Паша | – 1913г. |
| 3. | Кебедов Хада | – 1907г. |
| 4. | Курахмаев Хада | – 1917г. |
| 5. | Магомедов Абук | – 1913г. |
| 6. | Магомедов Гохлюдин | – 1914г. |
| 7. | Магомедов Гасан | – 1912г. (1913г., 1918г.) |
| 8. | Маликов Пахрудин | – 1917г. |
| 9. | Насрудинов Висрула | – 1917г. |
| 10. | Нурахмаев Таймасхан | – 1908г. |
| 11. | Омаргаджиев Азиз | – 1910г. |
| 12. | Сайдулаев Даци | – 1903г. |
| 13. | Улубиев Насрула | – 1917г. |
| 14. | Улубиев Висрула | – 1912г. |
| 15. | Умаров Магомед | – 1916г. (1918г.) |
| 16. | Умаханов Хабиб | – 1917г. |

***Къокъго***

## Лъим бачана

Дагьал церегIан къояз Гертма росдал цо авалалде, 70 метралъул манзилалда, лъим бачана. Гьенир гIумру гьабун ругел гIадамазе гьеб буго кIудияб рохел. Баркалаги кириги бугеб гьеб хIалтIиялъе квербакъана СПКялъе нухмалъулев ХIажи Мусаевас. Лъим бачиналъе кIвахIгьечIеб хIалтIи гьабуна Тучалаев МухIамадица ва Зиралов С-АхIмадица. Авалалъул гIадамаз гьезие ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабулеб буго.

***Нижер мухбир.***

## ТЕМИРБУЛАТОВА САДА ХIАМЗАТОВНА

28 октябралда гIумруялдаса ятIалъана Россиялъул, Дагъистан республикаялъул мустахIикъай учитель, захIматалъул ветеран Темирбулатова Сада ХIамзатовна.



С. Темирбулатова гьаюна 1938 соналъ Дилим росулъ. Росдал гьоркьохъеб школаги лъугIизабун, Сада ХIамзатовна лъугьана ДГПИялъул филологическияб факультеталде. Гьелдаса хадуй тIадюссана гIагараб росулъе, хIалтIана мугIалимлъун, тарбиячIужулъун ва лъималазул ахалъе нухмалъулейлъун. Кинаб хIалтIи тIадкъаниги, Сада ХIамзатовналъ гьеб гьабуна бажарун, ракIбацIцIадго ва заманалда.

**«Нухмалъи гьабиялъе Аллагьасго йижун йикIарай»,-** ан абизе бегьула Садал хIакъалъулъ. С. ХIамзатовналъ, 1976 соналдаса байбихьун, Дилим росдал №1«Маргьа» лъималазул ахалъе нухмалъи гьабуна. С. Темирбулатовалъ нухмалъи гьабулеб заманалда гьеб ах бахъана **«Бищун лъикIаб лъималазул ах»** абураб конкурсалъул лауреатлъун, гьенире рачIунаан республикаялъул бакI-бакIаздаса гIадамал хIалбихьи щвеялъе.

Гара-чIвариялъулъ С. ХIамзатовналъ гIемер абулаан **«Дир талихI-дир хIалтIи»**,-ян.

Лъеберго гIанасел соназ гьабуна С. Темирбулатовалъ лъималазул ахалъе нухмалъи. Жинца тIаде босараб иш, рагIа-ракьанде щун, Сада ХIамзатовналъ тIубалеб букIараблъиялъул нугIзаллъун ккола- **«Халкъияб лъайкьеялъул отличник», «Республикаялъе гьабураб хъулухъалъе гIоло»** абурал каранда ралел гIаламатал, рикIкIен гIемерал республикаялъул министерствоялъул, районалъул администрациялъул, РУОялъул ХIурматалъул грамотаби, Баркалаялъул кагътал ва цогидалги шапакъатал.

С.ХI.Темирбулатова даималъ хутIизе йиго нижер ракIазулъ.

***ХI.ХI. Мусаев, Гъ.М.Гъирисханов, И.И.Шабазов, З.Н.Эмеев, И.Б.Салимханов, ГI.П.Базаев.***

«Маргьа» лъималазул ахалъул х1алт1ухъабаз, гъваридаб пашманлъиялда, зигара балеб буго Темирбулатова Зульфияда ва т1олабго г1агарлъиялда, эбел

**Сада**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

---

Дилим росулъа Темирбулатова Зульфияда ва тIолабго гIагарлъиялда зигара балеб буго Чупалаев Мухтарица, М-хIабибов Хункарбица, Алтумирзаев СагIидица ва ГIалханова Бикаца, эбел

**Сада ХIамзатовна**

гIумруялдаса ятIалъиялда бан.

---

Алмахъ, Калининаул, Ленинаул росабазул жамаг1атаз, гъваридаб пашманлъиялда, зигара балеб буго хъизан-лъималазда ва г1ага-божаразда

**Мух1амадкамил Ирисханович Гъайирханов**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

Бетlерав редактор: Мухтар Чупалаев тел: 55-48-94
Жавабияв секретарь: Мух1амад-Шарип Г1абдулашимов тел: 55-48-95

Мухбирзаби: ХIалимат Каримова, Ибрагьим Идрисов Сапият Султанмух1амадова
Фотомухбир: Насрудин Абужанатов

Набор: Меседо ХIайбаева
Верстка: Марьям АтавхIажиева Зайнаб Г1абдулмуслимова
Типографиялъул адрес: Хасавюрт шагьар, ООО "Типография№4. ул. Мусаева 42

Учредитель: Администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368141
Индекс: 51354
Заказ №167 Тираж 1350

Газета зарегистрирована в Управлении ФСН по РД 19.05.2014 г. ПИ № ТУ 0500290

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола